

# Gid resous – Jeneral

**Ou mèt kòmansè ak CHA!** Kowòdinatè Resous pou Pasyan yo (PRC), yo la pou ede w ak zafè chofaj kay la, elektrisite a, nouriti a, lojman an, deplasman yo ak lòt bagay ankò. Si w gen kesyon oswa ou bezwen èd, ou mèt rele Sant CHA Primary Care epi mande pou pale ak Kowòdinatè Resous pou Pasyan an.



## Èske ou bezwen èd pou peye chofaj ak elektrisite kay la?

Si w kalifye pou benefisye sèvis MassHealth, TANF, WIC, SSI, SNAP orswa EAEDC, ou kapab ekonomize lajan sou fakti chofaj ak elektrisite yo. Asistans pou peye chofaj kay la disponib nan zòn ou a. **Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan sèvis sa yo ki nan zòn ou a, ou mèt kontakte: 1-800-632-8175 oubyen vizite sit wèb: <https://www.mass.gov/service-details/low-income-homeenergy-assistance-program-liheap>.**



## Èske ou bezwen èd pou jwenn manje?

- Rele **Project Bread FoodSource Hotline: 1-800-645-8333** oswa **TTY (si w gen pwoblèm pou tand) 1-800-377-1292**. Yo ka tou ede w aplike pou pwogram kupon alimentantè SNAP la.
- Si w ansent oswa ou gen yon timoun ki poko gen 5 an, ou gendwa kalifye pou resewva èd alimentantè nan men sèvis **WIC**, rele **617-575-5330**.



## Èske ou bezwen èd nan zafè transpò?

Pou w benefisye transpò gratis oswa transpò ki bon mache, ou dwe rele youn nan sèvis sa yo:

- Mande Kowòdinatè Resous ou a (KRP) oswa medsen w la pou yo dirije w nan pwogram **MassHealth Transportation Program**.
- **CHA Medical Access: 617-522-3159**, rele plizyè jou alavans pou pran yon randevou.
- **MBTA The Ride: Si w itilize sèvis sa a pou premye fwa, ou dwe rele dabò “Eligibility Center” la nan: 617-337-2727**. Itilizatè ki egziste yo kapab kontakte konpayi k ap bay yo sèvis “The Ride” yo.
- Si w granmoun oswa andikape, ou kapab benefisye yon pri redui pou Kat **MBTA Transportation Access (TAP) Pass**. Pale ak Kowòdinatè Resous ou pou w benefisye sèvis sa a.



## Ou bezwen Èd pou Achte Medikaman yo Preskri w?

Si w pa ka achte medikaman yo preskri w, fè moun ki ba w swen an konnen epi panse a sèvi avèk Famasi CHA a.



## Èske ou bezwen èd nan zafè lojman an?

*Si fanmi w gen youn oswa plizyè timoun sou kont li:*

- Rele **Cambridge Multi-Service Center: 617-349-6340**.
- Fanmi yo oubyen adilt k ap viv poukont yo, yo mèt: **Rele a Department of Housing and Community Development, (DHCD) nan nimewo 866-584-0653** epi mande pale ak Kowòdinatè lojman an. Yo kapab dirije w nan biwo DHCP a ki pi pre lakay ou, se kote sa a ou mèt mande èd sèvis lojman an oswa èd ann ijans lan. Si yo refize pran ka w, ou mèt fè apèl desizyon an alekri epi kontakte **Greater Boston Legal Services la: 800-323-3205**.

*Si w se yon jèn oswa yon jèn adilt:*

- Ou gen ant 17 ak 24 an: Rele **Bridge over Troubled Waters Runaway and Homeless Youth nan 617-423-9575**.
- Ou gen ant 18 ak 24 an: Rele **Y2Y Cambridge la nan nimewo 617-864-0795**, Harvard Square (biwo a ouvri soti 15 oktòb pou rive 15 avril).

## Èske ou bezwen èd nan zafè lojman an?

Èske ou santi w enkyè dèske ou ka vin sanzabri, ou pa ka peye lwaye kay la oswa yo ka mete w deyò nan kay la? Èske gen moun ki konn fè w abi? Èske te gen yon chanjman nan revni kay la (lanmò yon konjwen, pèt yon travay)?

- Si ou nan sityasyon pou yo mete w deyò nan kay la, ou kapab benefisye èd jiridik gratis la. Rele sèvis jiridik **Greater Boston Legal Services la nan nimewo: 800-323-3205**.
- Si ou bezwen èd pou zafè lojman an ak asistans ijan (pa egzansp, ou bezwen yo ede w peye lwaye kay la), ou mèt rele **Metro Boston Housing la nan 617-425-6700**.
- Si gen manm fanmi w k ap fè vyolans sou ou, rele **SAFELINK nan nimewo 877-785-2020**, yo kapab ede w jwenn yon kote ou ka rete an sekirite.



## Ou Bewzen Èd pou Travay?

Rele **Metro North Regional Employment Board la: 617-864-1500**.